



# Rapò Empak

## 2022

# Travay Nou

## FÒMIL POU ENPAK

### Òdinatè

Aksè ak yon nouvo iPad oswa Chromebook pou itilize lakay



### Entènèt

Koneksyon nan entènèt ki estab ak abòdab lakay ou



### Fòmasyon

Enskripsyon nan fòmasyon sible, konpetans dijital entèaktif ak enstriktè kominotè




### Enklizyon Dijital

Aksè dirab ak mond dijital la ak opòtinite epi resous li ofri

**100+**  
Sit Patnè an 2022

**360+**  
Kou an 2022

**3700+**  
Gradye an 2022



# Misyon Nou

Nan Tech Goes Home, n ap antre nan yon nouvo chapit nan travay dirab nou pou nou redui eka dijital la.

Kriz COVID-19 la te chanje an pèmanans travay nou ak kominote nou yo, epi li vin ranfòse baryè sistèmik dijital ki te egziste deja. Pandan n ap soti nan bafon pandemi a, n ap mete an aplikasyon tout sa nou te aprann sou kijan pou nou fè fas ak defi sa yo pou ranfòse apwòch pwogram nou epi grandi nan fason estratejik ak dirab. Nou kontinye rekonesan pou kominote etidyan, gradye ak enstriktè Tech Goes Home nan, ki se poto mitan travay enklizyon dijital nou an epi k ap gide tout sa n ap fè.

Sa nou ofri nan pwogram nou yo plis pase sa yo janm konn ye. Gras ak sipò volontè nou yo, n ap òganize seri wèbinè k ap kontinye k ap kouvri sijè ke etidyan yo sigjere, tankou aplikasyon nan travay sou Indeed. Nou te ogmante bibliyotèk aprantisaj sou entènèt nou ak resous vital ki tradui nan yon latriye lang. N ap sipòte enstriktè kreyatif ak devwe nou yo gras ak opòtinite devlopman pwofesyonèl ki fokalize sou sijè ke enstriktè yo mande, tankou planifikasyon leson ak enklizyon etidyan ki gen andikap. Epi, ekip pledwaye nou an ap mennen konvèsasyon an sou ekite dijital ak ofisyèl eli, lidè kominotè, ak moun enpòtan k ap pran desizyon sou vil, eta, ak nan nivo federal.

Pandemi an te mete aksan sou ijans enklizyon dijital non sèlman pou kominote patnè nou ki egziste deja, men nan vil atravè Massachusetts. Apre lansman pwogramasyon an nan Konte Essex an 2021 nou te etann travay nou atravè vil Haverhill, Lawrence, Lynn, Methuen, Peabody, Salem, ak Gloucester. Jiska dat, plis pase 175 etidyan te gradye nan pwogram TGH nan Konte Essex, e nou pare pou kontinye miltipliye travay nou nan kominote patnè sa yo. N ap reponn tou ak demann pou pwogramasyon enklizyon dijital nan Lwès Massachusetts pandan n ap eksplòre ekstansyon nan Vil Pasaj tankou Springfield, Holyoke, ak Chicopee. N ap planifye pou devlope patenarya ak tout Vil Pasaj yo atravè Commonwealth la nan yon avni pwòch.

Done ki nan rapò sa a prezante enpak ke aksè dijital genyen sou tout domèn lavi. Se yon fenèt angajan nan fason ke gradye TGH yo ap sèvi ak nouvo teknoloji yo, konektivite entènèt, ak konpetans dijital yo pou pouswiv lòt karyè, konekte ak fanmi, fè devwa, pran swen sante yo, angaje ak kominote yo ak plis toujou.


Pou Tech Goes Home, adaptasyon ak sikonstans difisil te debouche sou inovasyon eksitan, e kounye a, nou pare pou nou apwofondi ak ogmante travay nou nan fason nouvo ki gen plis enpak toujou. Nou eksite parapò ak enpak nou te fè ane sa a, epi nou pare pou nou fè plis.

**Daniel R. Noyes**  
Ko-PDJ


**Theodora Higginson Hanna**  
Ko-PDJ

# Etidyan Nou Yo


Sèks




Ras/Etnisite




Lang



Salè



Anplwa



# Enpak Nou

## Fondasyon Aksè Dijital

91%

pami gradye nou yo genyen entènèt lakay yo yon ane apre pwogram yo a

87%

pami gradye nou yo te kominike pa apèl videyo

91%

pami gradye nou yo te itilize konpetans dijital yo pou itilize imèl

## Opòtinite Edikasyon

86%

granmoun ki te patisipe nan pwogram entèjenerasyonèl nou yo rapòte ke pitit yo itilize aparèy TGH yo pou aprantisaj plis pase yon fwa pa semèn

98%

timoun ki gen laj pou ale lekòl ka pi byen fè devwa yo sou entènèt gras ak konpetans ak zouti yo te aprann nan pwogram nan

74%

etidyan te itilize konpetans ak zouti dijital yo pou amelyore nòt yo



“Konpetans ki te pi enpòtan nou te aprann se te kòman pou itilize yon òdinatè, kòman pou nou chache travay, ak fason pou nou patisipe nan yon reyinyon Zoom ak pwofesè pitit mwen yo.”

— Maria, Gradye TGH



“Mwen te vle gen plis konfyans nan tèt mwen sou fason pou navige teknoloji ak yon jèn timoun ak fason pou sèvi ak ekran nan fason pou fè pitit mwen an benefisye aprantisaj ak ede l prepare pou lekòl. Definitivman, mwen te santi m te kapab akonpli sa. Yon anviwònman ki vrèman abòdab, san anpil estrès, san jijman, yon resous ekstrawòdinè ke tout moun ta dwe genyen aksè avèk li.”

— Adrienne, Gradye TGH

# Enpak Nou

## Mobilite Ekonomik

68%

pami gradye yo te itilize zouti ak konpetans yo te pran nan TGH pou jwenn aksè ak travay gras ak zouti rechèch

54%

gradye te itilize nouvo konpetans yo pou kòmanse yon biznis, amelyore travay yo, oswa antre nan fòmasyon pwofesyonèl oswa pwogram edikasyon

64%

pami gradye yo te sèvi ak zouti ak konpetans dijital yo te pran nan TGH nan travay aktyèl yo

63%

pami gradye yo te itilize konpetans ak zouti dijital yo pou jere finans sou entènèt

## Sante ak Byennèt

80%

gen aksè ak enfòmasyon sou vaksen oswa te pwograme yon randevou pou pran vaksen sou entènèt ak nouvo konpetans ak zouti dijital yo

74%

e sèvi ak nouvo aparèy ak konpetans dijital yo pou jwenn aksè ak telesante pandan pandemi COVID-19 la

76%

te kòmande bagay esansyèl pou viv tankou medikaman, manje, pwodui netwayaj, ak mas pandan pandemi an



“Mwen te vle konnen kòman pou m tape CV, sovgade yo, epi enprime yo pou aplike nan travay. Mwen te akonpli sa e menm plis toujou! Yon konpetans ki enpòtan ak nesèsè anvan nenpòt moun ki fèk rive Etazini kòmanse chache travay.”

— Patrick, Gradye TGH



“Youn nan etidyan nou yo ap viv aktyèlman nan yonabri ak de pitit li yo. Gras ak kou sa a, Chromebook, ak pwen aksè a, kounye a li ka navige sou bagay tankou aplikasyon SNAP li san li pa bezwen ale nan yon biwo.”

— Enstriktè TGH

# Resous Aprantisaj

Ane sa a, ekip enstriktè, volontè, ak ekip nou an te kreye resous aprantisaj ki annapre yo, sa ki ouvri pou piblik la epi disponib sou sitwèb nou an ak anpil lòt ki gen pou vini!

**18**

Sesyon Fòmasyon pou Nouvo Enstriktè

**9**

Wèbinè pou Konpetans Dijital Fondamantal

**5**



Wèbinè pou Devlopman Pwofesyonèl Enstriktè

**21**

Titoryèl Videyo ak Fòma Enprime

**27**

Tradiksyon Titoryèl nan Lang Diferan



Anplwaye TGH Mei Ngo ak anplwaye Partners for Youth with Disabilities (Patnèn pou Jèn Andikape) Piper Slowinski te reyalize wèbinè devlopman pwofesyonèl pou enstriktè TGH yo.



## Anplwaye

### Alyssa Bogosian

Manadjè Devlopman

### Dahlia Bousaid Cox

Direktè Devlopman Prensipal

### Lily Abha Cratsley

Kowòdonatè Kominikasyon

### Leann Dobranski

Manadjè Sistèm Pwogram ak Edikasyon

### Ellen Gallagher

Responsab an Chèch Pwogram

### Lois Contreras Gutierrez

Manadjè Asistan Patenarya

### Theodora Higginson Hanna

Ko-Chèch Egzekitif Pwogram

### Chloe Jean

Kowòdonatè Operasyon Pwogram

### John Jones

Direktè Operasyon

### Gina Josette

Direktè Patenarya

### Sangha Kang-Le

Manadjè Asistan Pledwaye

### Barbara Kim

Direktè Evalyasyon

### Madison Martin

Kowòdonatè Operasyon Pwogram

### MarS McCormick

Manadjè Asistan Kominotè

### Mei Ngo

Manadjè Asistan Fòmasyon ak Teknoloji

### Daniel Noyes

Ko-Chèch Egzekitif Pwogram

### Natalie Petit

Manadjè Operasyon Pwogram

### Nessie Ruiz

Direktè Pwogram

### Jaslin Tifiano

Kowòdonatè Sipò Pwogram

### Marvin Venay

Responsab an Chèch Pledwaye

## Konsèy Direksyon

### Elizabeth Schwab, Prezidan

Responsab Afè Ekstèn,  
New England, PA, VA, Google

### Bruce Glabe, Trezorye

Ansyen Finansye an Chèf,  
Appalachian Mountain Club

### Anne Bailey Berman

Prezidan, Chadwick Martin Bailey

### Louie Balasny

Direktè Tech & VC nan First  
Republic Bank

### Prince Charles

Kowòdonatè Sant Aprantisaj Òdinatè,  
Codman Square NDC

### Adam Goff

Vis Prezidan Vant, Box

### Maria Harris

Ansyen Direktè pou Edikasyon  
Granmoun, Boston Public Schools

### Joe Hedal

Ansyen Asistan Direktè ak  
Enstriktè Klinik, Harvard Law School -  
Transactional Law Clinics

### Antonio Lobo

Konsiltan ak Konseye Karyè, Catholic  
Charities; Konsiltan English Innovations  
Project, Maverick Landing Community  
Services

### Pedro J. Lopez-Baldrich

Responsab Legal an Chèf, EVP,  
SharkNinja

### Lee Schwamm

Vis Prezidan Digital Health & Virtual  
Care, Mass General Brigham

Tech Goes Home rekonesan pou kominote donatè nan tout nivo nou yo ki te ede rann travay sa a posib.  
Nou fyè pou rekonèt sipòtè prensipal annapre yo:



131 Dartmouth Street  
3rd Floor  
Boston, MA 02116

(617) 398-7831  
[info@techgoeshome.org](mailto:info@techgoeshome.org)  
[techgoeshome.org](http://techgoeshome.org)

[@techgoeshome](https://www.facebook.com/techgoeshome)  
[fb.com/techgoeshome](https://www.facebook.com/techgoeshome)  
[flickr.com/techgoeshome](https://www.flickr.com/photos/techgoeshome)

[linkedin.com/company/tech-goes-home](https://www.linkedin.com/company/tech-goes-home)  
[@techgoeshome](https://www.facebook.com/techgoeshome)  
[youtube.com/user/techgoeshome](https://www.youtube.com/user/techgoeshome)